



Istwa a



SE ISTWA BONDYE A BIB LA YE. SE ISTWA BONDYE A.

DEPI NAN KÒMANSMAN AN -
MENM AVAN TAN TE EGZISTE -
BONDYE TE LA.

SE LI MENM...
KI TE KREYE SYÈL
YO AK LATÈ KE NOU
WÈ JODI A.



E BONDYE TE DI,
"SE POU LIMYÈ FÈT,"
EPI LIMYÈ TE FÈT.



BONDYE TE SEPARÉ
LIMYÈ A AK FÈNWA A E
TE GEN LANNWIT AK
MATEN - PREMYE JOU A



APRE SA BONDYE TE FÈ YON VOUT
E LI TE SEPARÉ DLO ANBA VOUT LA
AK DLO ANWO LI E LI TE RELE VOUT
LA "SYÈL."

SETÈ DEZYÈM JOU
KREYASYON AN.



BONDYE TE DI, "SE
POU DLO KI ANBA SYÈL LA
SANBLE YON SÈL
KOTE POU KOTE KI SÈK
LA KA PARÈT."

BONDYE TE RELE KOTE KI SÈK LA "TÈ,"
E LI TE RELE DLO YO "LANMÈ."

APRE SA BONDYE TE PALE E
TÈ A TE POUSE TOUT KALITE
PLANT: PLANT KI BAY GRENN
DAPRE KALITE LI YO E PYE
BWA KI DONNEN FWI AK TOUT
GRENN YO.

SETE TWAZYÈM JOU
KREYASYON AN.



SOU KATRYÈM JOU A BONDYE TE DI,
"SE POU LIMYÈ PARÈT NAN SYÈL LA
POU SEPARÈ LAJOUNEN AK LANNWIT.
YA SÈVI POU MAKE JOU YO, LANNÈ YO
AK SEZON YO. YA SÈVI LIMYÈ NAN
SYÈL LA POU KLÈRE TOUT LATÈ A."


KONSA, SOU KATRYÈM
JOU A BONDYE TE
KREYE LIMYÈ LINIVÈ YO:
SOLÈY, LALIN,
E ZETWAL YO.



SOU SENKYÈM JOU A
BONDYE TE DI, "SE POU DLO YO
KALE ANPIL ANPIL BÈT VIVAN.
SE POU ZWAZO VOLE NAN
SYÈL ANWO TÈ A."

BONDYE TE KREYE GWO
BÈT LANMÈ YO, TOUT KALITE
BÈT VIVAN KAP NAJE NAN
DLO ANSANM AK TOUT
KALITE ZWAZO.

BONDYE TE BENI YO E LI
TE DI YO POU YO MILTIPLIYE
E PLEN DLO LANMÈ YO.
SE POU ZWAZO YO
RANPLI TÈ A.



SOU SIZYÈM JOU BONDYE
TE DI, "SE POU TÈ A KALE
TOUT KALITE BÈT VIVAN, BÈT YO
GADE, BÈT KI TRENNEN SOU VANT,
BÈT NAN BWA."

SE KONSA, SOU
SIZYÈM JOU A BONDYE
TE FÈ TOUT KALITE BÈT
SOU TÈ A.



MENM JOU SA A
BONDYE TE FÒME
YON LÒT KREYATI
NAN POUSYÈ TÈ A.

BONDYE TE
SOUFLE LAVI
NAN KREYATI
SA A E LI TE
DEVNI YON
NANM VIVAN.

BONDYE TE RELE NOUVO
KREYATI SA A "LÒM."
BONDYE TE BA LI NON "ADAN."

BONDYE TE GADE TOUT SA LI TE
KREYE E LI TE DI, "LI BON NÈT."

BONDYE TE METE LÒM NAN PARADI.
SETE YON JADEN KI RELE "EDENN."

BONDYE TE BAY
ÒM NAN TRAVAY
POU L FÈ, SETE
POU L PRAN
SWEN JADEN AN.



NAN MITAN JADEN AN
BONDYE TE PLANTE
PYEBWA LAVI A POU BAY
LAVI ETÈNÈL. EPITOU LI TE
PLANTE YON LÒT PYEBWA -
PYEBWA KI FÈ MOUN
KONNEN BYEN AK MAL LA.

BONDYE TE DI ÒM
NAN LI MÈT MANJE
NAN TOUT PYEBWA
NAN JADEN AN -
MEN LI TE BA LI
YON AVÈTISMAN...

PIGA OU MANJE DONN PYEBWA KI
FÈ MOUN KONNEN SA KI BYEN AK
SA KI MAL LA. PASKE, JOU OU
MANJE L, WAP MOURI.




BONDYE TE MENNEN ZANNIMO KI
NAN SAVANN AK ZWAZO KAP VOLE
NAN SYÈL LA KOTE ADAN POU WÈ KI
NON LI TA PRAL BA YO.

A man with long dark hair and a beard is lying on his back in a lush green jungle. He is looking up with a peaceful expression. The background is filled with dense foliage and large green leaves.

PREMYE GASON AN TE
JWI YON AMITYE ENTIM
AK BONDYE

MEN BONDYE TE
KONNEN KE LI
PAT BON POU
ADAN RETE POU
KONT LI.

BONDYE TE FÈ ADAN
DÒMI NÈT ALE - E PANDAN
LI TAP DÒMI BONDYE TE
PRAN YON ZO KÒT.

A man and a woman are shown from the chest up, facing each other in a jungle setting. The man is on the right, looking at the woman on the left. They are both smiling. The background shows a blue sky with birds and green foliage. The woman has long dark hair and is wearing a dark top. The man has short dark hair and is shirtless.

AK ZO KÒT SA A
BONDYE TE FÈ
PREMYE FANM NAN.

BONDYE TE MENNEN LI KOTE ADAN.

ADAN TE RELE BÈL MADANM
LI "EV." LI TA PRAL DEVNI
MANMAN TOUT LIMANITE.

YO TE NAN JADEN AN ANSANM EPI
YO TE TRÈ, TRÈ KONTAN.



LI TE VINI KOTE ADAN AK EV NAN
JADEN AN NAN FÒM YON SÈPAN.

ESKE BONDYE TE
VRÈMAN DI, "PIGA NOU
MANJE DONN TOUT PYEBWA
KI NAN JADEN AN?"



NOU KA MANJE
FWI NAN TOUT
PYEBWA NAN JADEN
AN - MEN NOU PA
DWE MANJE NAN
PYEBWA KI NAN MITAN
JADEN AN.

PIGA NOU
MANYEN L MENM,
SINON, NAP
MOURI.




NOU PAP MOURI VRE.
BONDYE KONNEN SI
NOU MANJE LADAN L
NOU VA TANKOU LI, NA
KONNEN SA KI BYEN AK
SA KI MAL.

TOU DE GASON AK
FANM NAN TE MANJE
NAN FWI DEFANDI A E
KÒM REZILTA...

A man and a woman, both with long dark hair and wearing green leafy skirts, are running through a dense, dark forest. The man is in the foreground, looking back over his shoulder with a determined expression. The woman is slightly behind him, also looking back. The forest is filled with large, gnarled trees and thick foliage.

PECHE TE ANTRE NAN
LEMONN PA MWAYEN
DEZOBEYISANS YO.
LÈ SA A, YO KONNEN YO
TOUTOUNI - E YO TE PÈ.

MEN, NAN MENM JOU
PECHE TE ANTRE NAN
LEMONN, BONDYE TE
FÈ PWOVIZYON YON
SAKRIFIS POU PECHÈ.

Two dead animals, possibly deer or antelope, are lying on the ground in a forest. One is on the left, facing right, and the other is on the right, facing left. The ground is covered with dry leaves and twigs. The background shows more trees and foliage.

BONDYE TE PRAN PO
BÈT E LI TE FÈ RAD
POU KOUVRI YO
ANSANM AK PECHÈ
YO. EPITOÙ, LI TE
METE ADAN AK EV
DEYÒ NAN JADEN AN.

MEN LI TE PWOMÈT KE
YON JOU KANMENM LI
TA VOYE YON SOVÈ
POU DETWI SATAN.

A large, green, scaly dragon with yellow eyes and a long, forked tongue is coiled around a vertical pole. The dragon's body is covered in scales, and it has sharp claws on its front paws.

SÈPAN AN AP FÈ
LÈNMÌ AK FANM NAN
EPI DESANDAN FANM
NAN AP FÈ LÈNMÌ
AK DESANDAN
SÈPAN AN

SOVÈ A PRAL
KRAZE TET SATAN
E SATAN AP MODE LI
NAN TALON
PYE L.

An angel with long blonde hair, wearing a yellow robe and large white feathered wings, stands in a forest. The angel holds a sword that is engulfed in flames. The angel's right hand is raised, pointing towards the sky. The background shows trees and a bright light source.


POU FÈ SÈTEN KE IMEN YO PAP JANM
TOUNEN NAN JADEN AN, BONDYE TE METE
YON ZANJ POU ANPECHÈ MOUN PWOCHÈ
BÒ PYEBWA KI BAY LAVI A.



MOUN TAP MILTIPLIYE
E LATÈ TE VIN RANPLI
AK VYOLANS. PECHE AK
REBELYON LIMANITE TE
ATRISTE BONDYE.

LI TE DESIDE POU LI FINI
AK TOUT MOUN - POU LI
VOYE YON GRAN DELIJ
SOU TOUT LATÈ.

MEN TE GEN YON MOUN KI TE JWENN
GRAS NAN MEN BONDYE. BONDYE TE
DI NOYE POU L BATI YON GWO BATIMAN.



BONDYE TE MENNEN YON PÈ NAN
CHAK KALITE BÈT KOTE NOYE POU
L FÈ YO ANTRE NAN LACH LA.

BONDYE TE VOYE YON GRAN DELIJ SOU
LATÈ E TOUT MOUN AK TOUT BÈT KI PAT
NAN LACH LA TE MOURI.



BONDYE TE DELIVRE
DE NAN CHAK KALITE
BÈT ANSANM AK NOYE
E FANMI LI.

APRE DELIJ LA, BONDYE TE
DI NOYE AK FANMI LI, "FÈ
PITIT, FÈ ANPIL ANPIL PITIT
METE SOU TÈ A."

TOUT NASYON
SOU LATÈ TE SOTI
NAN FANMI SA A.

MEN ANKÒ, LÒM
TE DESIDE POU
DEZOBEYI
BONDYE.



BONDYE TE DI PÈP LA
POU MILTIPLYE E RANPLI
LATÈ. MEN LÒM TE
DEZOBEYI LÒD BONDYE A.

PITO PASE POU YO GAYE
SOU LATÈ JAN BONDYE TE
KÒMANDE YO, YO TE RETE
NAN YON PLENN FÈTIL KI
RELE BABILÒN.




YO TE KÒMANSE KONSTWI YON
GWO TOU POU YO TE KA FÈ YON
NON POU GLWA TÈT YO PITO
PASE POU YO OBEYI BONDYE.

NOU PA BEZWEN POU
BONDYE RENYE SOU NOU.
NOU VA KONSTWI YON GWO
LAVIL AK YON GWO TOU ISIT
LA MENM.

YO TE GEN YON LIDÈ KI TE
RELE NIMWÒD KI TE ANKOURA-
JE YO REBÈL KONT BONDYE.



MEN BONDYE TE DESANN
KOTE TOU BABÈL LA E LI
TE MELE LANG YO.



OLYE DE YON SÈL LANG, YO VIN
GEN ANPIL LANG. KONSA, CHAK
GWoup MOUN KI TE PALE MENM
LANGAJ TE KÒMANSE VWAYAJE
ANSANM SOU LATÈ.



PLAN BONDYE POU RACHTE LIMANITE A
TE KÒMANSE AK CHWA YON SÈL MOUN -
ABRARAM. BONDYE TE PWOMÈT...

"MWEN PRAL FE
OU TOUNEN YON GWO
NASYON."

BONDYE TE PWOMÈT LI
ANPIL DESANDAN TANKOU
ZETWAL YO NAN SYÈL LA.

YOUN NAN DESANDAN LI YO
PRAL DEVNI YON SAKRIFIS POU
PECHE LEMONN ANTYE A.



LÈ ABRARAM TE GEN SANTAN,
TI GASON BONDYE TE
PWOMÈT LI A TE FÈT.

MEN APRE SA
BONDYE TE TESTE
ABRARAM

"PRAN TI GASON OU AN
E BOULE L NÈT KÒM YON
SAKRIFIS POU MWEN."

ABRARAM TE OBEYI - LI TE KWÈ BONDYE
TA LEVE TI GASON LI A NAN LANMÒ.

NAN MENM MOMAN ABRARAM TA
PRAL SAKRIFYE TI GASON LI AN...

"ABRARAM! PA LEVE MEN
OU SOU TI GASON AN."



ABRARAM TE VOYE JE L, LI WÈ YON BELYE
MOUTON KI TE GEN KÒN LI MAKÒNEN NAN
YON LYANN. SE LI MENM ABRARAM TE
SAKRIFYE POU BONDYE.



"KOUNYE A MWEN
KONNEN OU GEN KRENTIF
POU MWEN VRE, PASKE OU PAT
REFIZE PITIT OU A."

ABRARAM AK TI GASON LI
A TE OFRI SAKRIFIS BONDYE
TE BA YO A.



DESANDAN ABRARAM YO TE
VIN ANPIL VRE, MENM JAN
BONDYE TE PWOMÈT LI.


AKÒZ YON GRANGOU
YO TE ANTRE NAN PEYI
EJIP LA KOTE YO TE
KONTINYE MILTIPLIYE.

PANDAN YO TE NAN
PEYI EJIP LA CHÈF
EJIPSYEN AN TE FÈ
PRESYON SOU YO E LI TE
MALTRETE YO KRIYÈLMAN.



MEN LÈ TAN AN TE RIVE,
BONDYE TE LEVE MOYIZ
POU MENNEN PÈP LI A
SOTI AN EJIP.

BONDYE TE FÈ ANPIL MIRAK
PISAN POU MONTRE SE LI MENM KI
TAP DELIVRE YO POU MENNEN YO
RETOUNEN NAN PEYI LI TE PWOMÈT
ABRARAM NAN.



BONDYE TE BAY YON SERI
RÈG ESPESYAL - DIS
KÒMANDMAN YO - ANSANM
AK LÒT LÒD POU MONTRE YO
KOUMAN YO DWE RENMEN
BONDYE E KOUMAN POU YO
BOULE AK LÒT MOUN.

EPITO LI TE MONTRE YO
KOUMAN POU YO ADORE
KORÈKTEMAN E KOUMAN POU
YO OFRI SAKRIFIS POU FÈ YO
SONJE PECHÉ YO.

HAVE NO
OTHER GODS
BEFORE ME.

DO NOT MAKE
FOR THYSELF IDOLS.

DO NOT TAKE
THE NAME OF GOD
IN VAIN.

KEEP THE
SABBATH DAY
HOLY.

HONOR THY FATHER
AND MOTHER.

DO NOT MURDER.

DO NOT COMMIT
ADULTERY.

DO NOT STEAL.

DO NOT BEAR
FALSE WITNESS
AGAINST YOUR
NEIGHBOR.

DO NOT COVET
THAT WHICH IS YOUR
NEIGHBOR'S.



BONDYE TE MENNEN PÈP LA
TOUNEN NAN PEYI LI TE
PWOMÈT BAY ABRARAM NAN.

MEN MENMSI PÈP BONDYE
A TE WÈ BONDYE FÈ ANPIL
MIRAK - YO PAT OBEYI
LÒD LI YO.



YO TE ADORE FO BONDYE YO
E YO TE FÈ ZÈV MECHAN.

YO TE FÈ SA PANDAN YON PERYÒD
DE TAN KI TE LONG ANPIL.

PI FÒ MOUN YO TE
DI KE YO PAT VLE
OBEYI LALWA BONDYE
TE BA YO A PA
MWAYEN MOYIZ.



TE GEN NAN WA AK LIDÈ
YO KI TE RENMEN BONDYE.
YO TE SWIV BONDYE E
YO TE FÈ GWO ZÈV...



...MENM TIYE JEYAN YO.



TE GEN LÒT WA KI TE CHWAZI
POU SWIV FO BONDYE YO E
YO TE MENNEN PÈP LA POU
ADORE ZIDÒL.


MEN DEPI LI TE
RENMEN YO - BONDYE
TE VOYE PWOFÈT YO
KOTE PÈP LI A.

SE LÒM BONDYE TE VOYE POU
VIRE KÈ PÈP LA TOUNEN KOTE
BONDYE, POU YO KITE
MECHANSTE YO TAP FÈ.



NASYON BONDYE TE CHWAZI
POU SÈVI AK YO POU REVELE TÈT
LI POU LEMONN, YO PAT KOUTE
PWOFÈT LI YO - MALGRE LI TE
VOYE YO YOUN APRE LÒT.

FINALMAN - BONDYE TE
VOYE YON WA AK LAME
TERIB POU DETWI VIL
ESPESYAL YO ANSANM AK
TANP KOTE YO TE KONN
ADORE BONDYE.



POU 70 LANE PÈP ESPESYAL BONDYE YO
TE KAPTIF NAN YON PEYI LWEN KÒM
PINISYON POU PECHE YO LÈ YO TE REJTE
NI BONDYE NI KÒMANDMAN LI YO.




MEN, MENM JAN LI TE PWOMÈT,
BONDYE TE MENNEN PÈP LI A
TOUNEN NAN PWÒP PEYI PA YO
APRE 70 LANE.

PANDAN TAN SA A BONDYE TE
VOYE PWOFÈT AK PWOFESÈ YO ANKÒ
POU DI YO KOUMAN POU YO VIV.



ALÒ TE VIN GEN 400 LANE
SILANS KOTE BONDYE PAT
VOYE PWOFE ANKÒ.



PANDAN 400 LANE SA YO, SIVILIZASYON
GRÈK LA, DIRIJE PA ALEKSANN LEGRAN, TE VIN
PISAN E LI TE RENYE NAN PI FÒ MWAYEN
ORYAN AN KOTE PÈP BONDYE A TAP VIV.



APRE SA, LETA WOMEN AN TE PRAN
POUVWA E LAME YO TE VENK GRÈK YO,
IZRAYÈL, AK ANPIL LÒT NASYON.

MEN NAN TAN BONDYE
TE FIKSE A NAN ISTWA
LEMONN...

...BONDYE TE VOYE
SAKRIFIS PAFE LI A NAN
LEMONN.



SAKRIFIS SA A PA TAP TANKOU
SAN KABRIT OU TOWO BÈF KE PÈP
LA TE KONN OFRI POU PECHE YO.

SE SAKRIFIS BONDYE A
SA TA YE - YON SAKRIFIS
DIVEN POU WETE TOUT
PECHE LEMONN.

BONDYE PAT BLIYE PÈP LI A.



DEPI NAN KÒMANSMAN, DEPI
PREMYE GASON AK PREMYE FI,
CHAK MOUN TAP FÈ MAL E TOUT TE
ENFEKTE AK PECHE.

SE POUTÈT SA, BONDYE TE
BEZWEN MENNEN YON SAKRIFIS
SAN PECHE NAN LEMONN.



LI TA BEZWEN YON MOUN KI PAT
ENFEKTE AK SEMANS PECHE LÒM.

BONDYE TE FÈ SAKRIFIS PAFÈ LI A ANTRE
NAN LEMONN PA YON FASON INIK.



POU FÈ SA, BONDYE TE CHWAZI
YON JÈN TIFI - YON FI KI PAT
JANM KOUCHE AK YON GASON -
DEKWA POU BEBE A PA TAP FÈT
PA YON NONM PECHE.

LESPRI SEN BONDYE A TE
VIN SOU JÈN TIFI SA A, MARI,
E KONSA LI TE VIN ANSENT.

SE SÈVANT SENYÈ
A MWEN YE, SE POU SA
RIVE M JAN OU DI A.



MENM ZANJ YO
TE ANONSE
NESANS PITIT
ESPESYAL SA A.

GLWA POU
BONDYE SOUVREN
AN! LAPÈ SOU
LATÈ! FAVÈ POU
LÈZÒM!

SETE POU YO RELE
PITIT GASON LI A JEZI
- SE PITIT GASON
BONDYE A LI TE YE.



LI TE YON TIMOUN ESPESYAL.
MENM LÈ LI TE YON TI GASON LI TE
ANSEYE LIDÈ RELIJE YO.



E NAN TAN PAFÈ BONDYE A,
LI TE RESEWA BATÈM E LI
TE KÒMANSE AKONPLI WÒL PA
LI NAN ISTWA A - POU
FÈ PÈP LA KONNEN KOUMAN
BONDYE YE - E POU LI DEVNI
SAKRIFIS POU PECHE
LIMANITE.



SATAN TE PARÈT ANKÒ,
MENM JAN LI TE PARÈT
DEVAN ADAN AK EV, POU
TANTE YO FÈ PECHE E
SWIV CHEMEN PA L YO PITO
PASE CHEMEN BONDYE A.

MWEN KA BA
OU TOUT WAYÒM NAN
LEMONN ANTYE AK
SPLANDÈ YO SI OU VA
SÈLMAN ADORE
MWEN.

SE SENYÈ A,
BONDYE OU, POU W
ADORE. E, SE LI SÈL
POU OU SÈVI.



JEZI TE KÒMANSE
ANSEYE LÒM, FANM, TI
GASON AK TIFI YO POU FÈ
YO KONNEN KOUMAN
BONDYE TA VLE POU YO VIV.

BENEDIKSYON POU MOUN
KI GEN PITYE, PASKE YO
VA GEN PITYE POU YO.

BENEDIKSYON POU
MOUN KI GEN KÈ YO PWÒP,
PASKE YO VA WÈ BONDYE.

BENEDIKSYON POU MOUN KI
TRAVAY POU LAPÈ, PASKE SE
PITIT BONDYE YO VA RELE YO.

PANDAN JEZI TE ISIT SOU LATÈ, LI TAP
MONTRE MOUN KOUMAN POU YO SWIV
BONDYE E KOUMAN POU YO YOUN
RENMEN LÒT.

SA NOU TE FÈ POU YOUN
NAN PI PITI SA YO, SE
POU MWEN NOU TE FÈ LI.

YON MOUN KI WÈ
MWEN, LI WÈ PAPA A.

EPITOU, LI TE DEMONTRE KOUMAN PAPA LI TE YE.

LI TE BAY MOUN
MANJE.

LI TE GERI MOUN.

LI TE MACHE SOU DLO.

OOOO!!

KOUNYE A TI
GASON AN VIVAN...

LI TE MENM
LEVE MÒ YO.

SE BONDYE SÈL
KI KA FÈ YON
MIRAK KONGA!!

LI TE NI RENMEN NI BENI TIMOUN YO.



LI TE PALE MOUN SOU SYÈL LA.

LI TE PALE MOUN SOU LANFÈ.



TANPRI, VOYE LAZA
TRANPE PWENT DWÈT
LI NAN DLO VIN
RAFRECHI LANG
MWEN!

VOYE LAZA
KOTE FRÈ M YO..

...POU AVÈTI YO
POU YO PA VIN NAN
TOUMAN SA A.

LI TE MENM
CHASE DEMON
SOTI NAN MOUN.



NAN TOUT FASON LI TE
MONTRE SE BONDYE LI YE.

A detailed comic book illustration of Jesus Christ on the cross. He has a beard, long hair, and a crown of thorns. His arms are outstretched, and his body is bound to the cross with ropes. He is wearing a loincloth. The background shows dark, silhouetted palm trees against a light sky.

DEPI JEZI TE DI SE BONDYE LI YE,
SA TE FÈ LIDÈ RELIJE YO
FACHE ANPIL.

YO TE FÈ MOVE
AKIZASYON KONT JEZI E
YO TE RANN YON MOVE
JIJMAN KONT LI.

YO TE FWETE LI, YO TE
BAT LI, E YO TE KLOURE
LI TOU VIVAN SOU YON
KWA.


SE LA LI TE MOURI.

PAPA -
RESEVWA
LESPRI MWEN!

SATAN, CHÈF RELIJE YO,
WOMEN YO, E PWÒP PECHÉ NOU
YO, NOU TOUT TE TIYE JEZI.

YO TE PANSE DEPI YO TA TIYE
LI SA TA FÈ NI MESAJ LI NI PLAN
BONDYE A KANPE.

MEN YO TAP PANSE MAL...

A comic book illustration of a white burial shroud lying on the ground in a rocky, cave-like setting. The shroud is partially folded and stained with blood. The background shows dark, jagged rock formations.

OKONTRÈ, YO TE MENM AKONPLI
SA BONDYE TE GENTAN PLANIFYE
DEPI LONTAN - DEPI NAN KÔMAN-
MAN - NAN JADEN AN.

POU REKONSILYE LÒM AK
BONDYE PA MWAYEN PWOVIZYON
SAKRIFIS PAFÈ A POU PECHÉ.

SE JEZI MENM KI TE SAKRIFIS
PAFÈ, SAN PECHÉ, PITIT
GASON BONDYE A MENM.

EPI LI TE PWOUVE SA
LÈ LI TE SOTI TOU
VIVAN NAN LANMÒ.



APRE LANMÒ LI, JEZI TE
PARÈT DEVAN DISIP LI YO.

E LI TE ENSTWI YO POU YO AL
PALE LÒT MOUN SOU ANSEYMAN
LI YO, LAVI LI - E LANMÒ AK
REZIREKSYON LI.

ALE E FÈ MOUN
TOUT NASYON VIN DISIP.
BATIZE YO NAN NON PAPA
A, PITIT LA, AK LESPRI SEN
AN. ANSEYE YO POU YO
OBSÈVE TOUT SA MWEN
TE KÒMANDE
NOU YO.

GADEI MWEN
AVÈK NOU CHAK JOU,
POU JIS LAFEN DI MONN
RIVE.



TOUT MOUN KI
RELE NON SENYÈ
A, YAP SOVE!

MWEN VLE RELE
NON SENYÈ A!

MWEN
MENM TOU!

JEZI!

APRE LI TE PATI KITE LATÈ,
DISIP LI YO TE FÈ MENM
SA LI TE DI YO - E ANPIL
MOUN TE KWÈ.



JEZI TE DI KE LI PRAL
RETOUNEN POU TOUT SA YO
KI KONFYE NAN LI.

LÈ LI VA TOUNEN,
LI VA RESTORE PARADI
ANKÒ.

NI MOUN, NI BÈT,
NI LÒT BAGAY NOU
RENMEN YO VA LA.

VA GEN YON NOUVO
SYÈL AK YON
NOUVO TÈ.

TOUT MOUN, JÈN AK ANSYEN,
KI KONFYE NAN JEZI VA LA -
POU TOUTAN.

ESKE OU
VA LA?



MWEN SE CHEMEN AN,
VERITE A, E LAVI A.
PÈSONN PA KA ALE
KOTE PAPA A, SI LI PA
PASE PA MWEN MENM.

KWÈ NAN SENYÈ
JEZI KRIS, E OU VA
SOVE. KWÈ NAN
SENYÈ JEZI KRIS,
E OU VA SOVE.

PITIT LÒM NAN
PRAL VINI AVÈK
ZANJ LI YO NAN
GLWA PAPA A. E,
LÈ SA A, L AP BAY
CHAK MOUN DAPRE
JAN YO TE AJI.

KOUMAN MWEN KA KONNEN BONDYE PA MWAYEN JEZI?

SWIV ETAP SA YO:

1

DI JEZI OU REGRÈT SA OU FÈ KI MAL EPI FÈ L KONNEN
KE OU VLE DELIVRE NAN YO E VIRE KOTE LI.

2

MANDE JEZI POU L PADONE OU E KE WAP KONFYE KONPLET-
MAN NAN LI MENM SEL POU SOVE OU POU TOUTAN.

3

REMÈSI JEZI KE LI TANDE OU E LI REPONN LAPRIYÈ OU.

4

DEPI OU SOVE KOUNYE A, LI BIB LA CHAK JOU -
ISTWA BONDYE A.

5

DI YON MOUN KI RENMEN JEZI SA OU SÒT FÈ A E KÒMANSE
REYINI AK YON GWoup MOUN KI RENMEN JEZI.

